

Tan ale, tan tounen : vwa radyo yo nan memwa nou

BRUNY, Pierre-Erick & ESTERLIN, Jean Marc

Tan ale, tan tounen. Se te pawòl granmoun nou yo. Yo te konn di li ak yon ton ki melanje sajès ak eksperyans. Lè nou te piti, nou te konn tande fraz sa a tankou yon senp pwovèb ke yo repete san twòp enpòtans. Men jodi a, pandan n ap gade reyalite peyi a, nou kòmanse konprann pwofondè li. Pawòl sa a pa t yon avètisman vid, li te yon verite sou lavi ak sou sosyete a. Jodi a, nan laj nou ye la a montre nou pèdi anpil.

Kite m rakonte ou yon ti souvni sou eksperyans nou ak radyo.

Avan nou pale w de eksperyans sa a, kite nou rakonte w kòman yon mwatye jounen nou te ye. Aprè yon gwo jounen nan klas, lè lekòl lage se te toujou yon kè kontan pou nou rantre lakay nou. Malgre solèy cho, nou te toujou gen kouraj pou nou kouri ale pran kamyonèt. Se nan mache sa yo, nou konn toujou rankontre yon seri de kamarad pou bay blag. Pa mande nou koze, si pa malè gen yon ti gengenn nan mitan nou, n ap mache jiskaske anba soulye nou finn dechire. Ou pa bezwen

pale nou de koze grangou a menm paske tout kòt nou te konn plen ak kè kontan.

Menmsi ou tande n ap pale de mache anpil, bay blag ak kamarad nou, nou te gen obligasyon pou nou rive ak lè granmoun nou te konn ap tann nou. Kèlkeswa nivo blag la, bèlte fanm nan, “feeling” lari a, nou pa p kite bon moman sa yo fè nou depase limit nou.

Lè nou rive lakay, nou salye moun yo (papa, manman, matant, elatriye). Epi kouri al anba kouvrepla a pou wè sa yo kite pou nou. Sa k te konn bèl la, nou menm ki te konn ap pran pòz nou pa grangoun devan fanm yo, bouch nou mare men longè si pa malè pa gen manje oubyen si li pako pare. Aprè sa, nou chache konnen kote vye bout radyo a ye. Nenpòt ki enèji nou genyen - kouran, pil oubyen yon vye rès batri machin - radyo a ap pale kanmenm.

Anpil fwa, se nan anpil peripesi nou resi fè radyo a jwe. Paske gen paran ki konn sere radyo yo byen fon andan kay la. Pafwa, yo konn kite radyo a la epi yo sere pil yo. Konsa tou, yo konn kite pil nèf yo pou yo fè nouvèl epi sa ki fini yo pou timoun yo. Lè konsa, nou pa gen lòt chwa ke bat pil sa yo pou mete nan radyo a. Antouka, si nou pran pou eksplike w tout altènativ ki te genyen yo, menm milèt ap gen tan fè pitit.

Kesyon ou ka poze tèt ou jounen jodi a, pouki rezon tout sakrifis sa yo pou yon radyo? Si w konnen, ou soumen w. Si w pa konnen, pran ti chèz ba w.

Nan peryòd sa a, radyo se te yon zouti fondamantal nan fòmasyon nou. Kit se te tifi oubyen ti gason, gen yon seri de emisyon se ladan yo pou nou te jwenn bèl ti pawòl pou nou mete nan lèt oubyen pou nou rive kovenk ti zanmi nou yo. An menm tan tou, te gen yon relasyon ant nou ak animatè emisyon nou te renmen yo. Men, pandan n ap tande emisyon sa yo tou, nou pa janm bliye responsabilite nou, paske fòk nou fè devwa, fòk nou konn leson nou, si non n ap pran baton epi n ap wont devan moun n ap kotize a e bann rara ap soti sou do nou nan katye a. Pa bliye kout men nou te konn bay nan kay la : Gen nan nou ki te responsab pou fè manje, si li potko fèt, gen lòt k ap lave veso, genyen ki pral nan mache pou al chache pwa, diri, lwil, andwi, andwiyèt, elatriye. Se pa ti koze!

Gen de emisyon nou ka rele *pa rate*. E jan de emisyon sa yo konn fè nou menm kite manje nou yon kote pou n al branche. Si pa malè lè emisyon an pral rive e nou poko fin konnen leson nou, nou fè kou mèt Jan Jak pou boure tout bagay yo nan tèt nou avan emisyon an kòmanse. Paske nou p ap manke yon yota. Tankou, te gen *Tòp konpa, Rigolo Terapi, Ayiti sou konpa,*

Dimanche des amoureux, e anpil ankò. Sa yo se kèk non nou sonje, men te gen emisyon *Rigolo Terapi* a ki te pase sou Radyo Tele Karayib, sa a se te yon klasik.

Men doup pen doup la.

Lè lanwit tonbe, toujou gen yon egzijans pou n al dòmi paske n ap leve bonè pou n ale lekòl. Anpil fwa nou fè tankou nou obeyi ak granmoun yo e n ale kouche, men nou pap dòmi vre; nou gen randevou pou n bat nay nan frinay menm ke n ap leve ak zye nou paypay. Se yon okazyon eksepsyonèl.

Frinay la se aprè minwi. Avan pou nou rive nan lè sa a, gen anpil tan ki pou pase. Youn nan bagay nou te konn fè pou anpeche nou dòmi se te 20 pou 3. Pawòl pa pou ou, 20 pou 3 a se pa t yon blag. Se te peryòd kote SMS te gen plis enpòtans ke yon apèl dirèk. Nan tan sa a, ou t ap pi fasil bay yon moun fè yon apèl dirèk olye ou ba li voye yon SMS. E souvan, yon SMS konn fè w pa pale nan frinay.

Sa ki te konn dwòl, anpil fwa SMS ou konn fini epi ti zanmi mete 10 goud pap padap pou ou oubyen li voye 9 goud ba w. Souvan, li konn tou mande w pou fè SMS ak tout 9 goud la. Konsa ou vin genyen 60 SMS. E yon SMS pa dwe manke, moun nan kontwole yo. Anpil fwa, moun nan konn al konte pou wè si reyèlman ou voye

tout 60 SMS la ba li. Si pa aza, ta manke yon SMS, se la ou pral pèdi frinay la. Sa ki konn bèl la, SMS ou konn fini, men diskisyon an kontinye ap fèt nan yon sèl bò paske ou pa gen SMS ankò pou w reponn, e ou pa ka sòti pou w al rechaje. Pafwa moun sa a tonbe bipe w, e bip sa a vle di tout sa li vle di a : *kot repons mwen an.*

Sa k grav la, moun nan konn fache e li tou depoze telefòn li an yon kote, epi li tou dòmi. Ou menm nan kwen pa w dòmi pa ka pran w, w ap tann frinay pou w bay espikasyon sou rezon ki koz SMS la te manke a. Toutfwa, lè frinay la rive ou tonbe rele e telefòn nan konn ap sonnen san repons. Anpil fwa, moun nan konn bliye li pa mete telefòn nan sou silans oubyen sou vibrasyon. Lè w sonnen twòp, ou konn tonbe sou paran moun nan. Monchè, ou mèt tou al vann bondye jounen paske sa p ap fini byen pou ou paske ou ka tou pèdi moun sa a. Sa konn rive tou, lè ou rive lekòl la nan demen ou jis wè li refize pale avè w. Lè sa a, w ap konnen kòman vant bouyi pa gen limit. Se lè sa a tou, w ap konprann tan ale tan tounen an.

Nan epòk sa a tou, te gen *Juno 7* ki te konn ap voye mesaj pou moun sou *SMS 40404* e mesaj sa yo ak mizik nou te konn tande te konn ba nou bèl pawòl pou nou voye bay moun. Yon lòt kote, nou te konn jwenn pawòl

nan mizik chantè tankou Arly, Nickenson, Alan Cave, Ritchie, Gracia, Gazman, Tantann, Jude Jean, Daan Junior, Jakito, elatriye. An menm tan tou, te konn gen yon ansanm de emisyon nan nwit ki te konn woule bèl mizik e se la a tou, ou te ka fè dedikasyon pou yon moun. Nou te konn voye bèl SMS ki chame moun bay animatè a, epi li menm li li mesaj la, e moun mesaj la touche a te konn mande nimewo nou. Sa w tandè a, wa pa papa w, prens pa bò pè w, tout peyi pre pou ou. Domaj, jenerasyon rezo sosyal yo pa viv eksperyans sila a.

Radyo pa t sèlman yon espas pou woule mizik, men li te reprezante yon espas de sosyalizasyon. Men jounen jodi a, nan laj nou rive la, nou wè diferans ant tan pa nou an ak tan jodi a. Malgre teknoloji a ba nou plis aksè pou nou yonn rankontre lòt, relasyon yo vinn frèt kou nen chyen. Nou vinn plis izole, lyen profon yo pa ekziste ankò, relasyon yo vinn sipèfisyèl. Nan peryòd sa a, nou te gen mwens mwayen, men nou te gen plis prezans. Nou te toujou ap twouve altènativ pou ranfòse lyen yo e se pon sa a radyo te kreye pou nou te ka kontinye diskite.

Se la a, pawòl granmoun yo pran tout sans li: tan ale, tan tounen. Sa vle di, lavi a ap chanje, jenerasyon yo ap chanje, men koutim yo pa dwe disparèt. Si nou pèdi

disiplin, respè, sans sakrifis ak lanmou senp sa yo, se pa tan an ki koupab, se nou menm ki pèdi bousòl nou. Nou bliye leson tan pase. Nou pa fè transmisyon bay jenerasyon prezan an. Nou tounen yon gwoup moun san memwa.

Jounen jodi a, radyo yo pèdi sa yo te reprezante pou sosyete a. Animatè yo pèdi sans etik ak responsabilite yo te genyen anvè popilasyon an. Se pou sa, li fondamantal pou radyo yo repran plas yo nan kontinye transmèt kilti, koutim, mès, istwa, valè sosyete nou. Konsa, n ap rive modle konpreyansyon moun yo pou pran desizyon pou konstwi yon nasyon solid. Zen, radotay ak fasilite dwe kaba nan jan radyo ap fèt nan sosyete a. Pou sa rive fèt, medya yo dwe travay pou wè kòman yo ka reprann konfyans yo pèdi andan sosyete a.
